



# Estimasyon sou Laj Jèstasyonèl ak Konsèy pou Kliyan yo Anvan Akouchman nan Kontèks Zika

# Kalkil laj gwoses ak konsey pou fanm ansent sou maladi Zika

Aout 2017

[www.mcsprogram.org](http://www.mcsprogram.org)

## Mesaj Enpòtan yo

- Laj gwoses la ak dat akouchman se de bagay enpotan pou sante fanm...
  - Viris Zika a kapab lakòz enfeksyon nan manman ak bebe yo. Li kapab bay domaj ak pwoblèm nan devlopman ti bebe yo.
  - Lè yo bay fanm ansent yo konsèy sou prevansyon se yon pati enpòtan nan konsiltasyon prenatal la.
  - Tablo gwosès Zika a kapab ede mis yo ak dokte yo yo sonje sa ki pi enpòtan yo pou bay fanm yo konsèy sou ZIKA pandan gwosès yo, pandan yap kapab kalkile laj gwoses la ak dat akouchman an.

Istwa


Kalkil laj gwoses la (gestational age, GA) ak dat akouchman se de (2) bagay enpòtan nan konsiltasyon prenatal (antenatal care, ANC) ak pandan akouchman. Pou ou byen kalkile dat akouchman ak pou byen konnen kile pou ou fe tout sa ou gen pou fe pou fanm ansent la, fo ou byen konprann laj gwoses la (GA).

Tablo gwosè s yo kapab ede mis yo ak dokte yo ak tout manman yo konprann laj gwosè s la. Epitou lè yo byen kalkile laj gwoses la, sa pemet yo konnen le akouchman fet anvan le, e li pemet yo prepare pou akouchman an ak pou konplikasyon yo, lè yo ede manman yo fe kalkil sou lè akouchman a.

Miss ak dokte ki ap konsilte fanm ansent ki abite oswa ki vwayaje oswa gen mari yo ki vwayaje nan zòn sa yo ki gen amphil ka Zika, kapab sèvi avèk Tablo gwochès Zika MCSP a tankou yon bon zouti travay pou bay manman yo konsèy sou sa ki enpòtan nan fe prevansyon ak nan jere enfeksyon Zika pandan yap kapab byen kalkile laj gwochès la.

Dokiman sa bay sa ki pi enpotan sou lis konsey ki gen nan Tablo gwosèς Zika a MCSP a, ansanm avek konsèy sou jan yo dwe sèvi avèk tablo gwosèς yo anjeneral. Yo kapab tou rantré toude Tablo gwosèς Zika MCSP a ak dokiman sa a nan estrateji fòmasyon yo déjà genyen pou pwofesyonèl lasante yo kap travay nan zòn kote famm ansent yo gen amphil risk pou enfeksyon avek virus Zika a. Se yon pati nan estrateji yo pou amelyore sa ki fet nan konsiltasyon prenental la ki dwe gen kalkil laj gwoses la ladani.

## **Tablo I. Pati devan an nan Tablo Gwosès Zika a**



Yo kapab aprann kijan pou yo sèvi avèk yon tablo gwosès le yap we yon moun pou toutbon oswa pretann, pandan edikasyon anvan yo bay sèvis yo, edikasyon pou manm pèsonèl yo, oswa konsèy pou pwofesyonèl lasante yo. Youn nan estrateji pou fè kalkil laj gwoses la se mete dènye dat règ la (menstrual period, LMP) avèk lòt enfòmasyon enpòtan pwofesyonèl la sante yo kapab jwenn, tankou wote iterinn nan, oswa resulta sonografi a (si li disponib) pou kalile laj gwoses la pibyen.

## Bay Kliyan yo Konsèy sou konsekans enfeksyon ak Zika pandan gwosès la ak sou sentom maladi a

Jan yo te esplike nan pati devan an nan Tablo Gwosès Zika MCSP a, pwofesyonèl la sante yo dwe bay kliyan yo konsèy sou konsekans ak sentom maladi Zika a (gade Tablo 1). Fanm ansent kapab transmet viris Zika bay ti bebe nan vant li a. Li ka lakòz malfòmasyon tankou mikrosephali (ti bebe a fet ak ti tet), malfòmasyon nan zye, pwoblèm pou tandem, pwoblèm nan fonksyonnan nan sèvo li, ak lòt pwobleme grav sou devlopman nòmal li. Gen kèk rechèch ki di ke gen yon pi gwo risk pou ti bebe yo si manman an fe maladi Zika a pandan premye 3 mwa gwosès la (mwens pase 14 semèn).<sup>1</sup>Sepandan, enfeksyon viris Zika a pandan nenpòt moman nan gwosès la kapab lakòz domaj kay ti bebe yo.<sup>2</sup>

Gen anpil fanm ki pa konnen yo fe maladi a oswa si ti moun nan vant yo a gen chans pou gen malfòmasyon, paske pifò nan moun ki trape viris Zika yo pa gen anken sentòm (apeprè 80%). Se poutèt sa a, li enpòtan anpil pou yo bay fanm ansent yo konsèy sou kijan pou pa trape viris Zika a , ak kijan pou yo planifye gwosès yo.

## Lè Yo Bay Kliyan yo Konsèy sou kijan pou yo pa trape Viris Zika a

Do paj nan Tablo gwosès Zika a gen ti konsèy sou kijan pou ou pa trape viris Zika a. Pwofesyonèl lasante yo dwe bay kliyan yo konsèy pou yo sèvi avèk skrinn nan fenèt yo oswa rete nan yon sal ki klimatize (lè li posib), sèvi avèk pwodui pou moustik lè yo deyò , mete rad gran manch ak rad long , ampeche moustik donnen dlo ki tou prè yo, ak fè bagay avek kapot, ke se swa nan vajen , nan bouch oswa nan dèyè . tankou tou yo k deside pa fe bagay pandan gwosès la. Malgre sa yo pa vel di yo pap trape virus la menm, li elimine chans la pou fe enfeksyon an, yo kapabdiminye chans pou yo trape li.

## Rapèl yo pou Pwofesyonèl La Sante yo

Epitou tablo a fè pwofesyonèl la sante yo sonje pou gade direktiv nasyonal yo pou konnen kilè pou rapòte ka enfeksyon avek viris Zika yo, ak kilè ak nan kijan pou fè tès pou Zika, kòm direktiv sa yo pa menm pou tout peyi. Bay fanm konsèy sou planin familyal yo apre akouchman, sou planifikasyon pou pwogramme lot gwosès yo nan yon jan ki senesòf, ak sou kile pou yo al cheche swen se lòt bagay ki enpòtan pou pale ak fanm yo ki gen risk pou fe enfeksyon ak viris Zika. Yo kapab jwenn plis enfòmasyon ajou si yo ale nan sitwèb <http://www.paho.org/hq/>.

### Tablo 2. Pati do paj la nan Tablo Gwosès Zika a

Kijan yon fanm dwe toujou pwoteje tèt li kont viris Zika, pandan li ansent!

#### PA KITE MARENGWEN MÔDE LI PANDAN LAJOUNEN AK LANNWIT

Mete rad manch long ak pantalon long  
Mete bagay pou apeche marengeven antre nan pòt ak fenèt kay la (tankou twil) oswa domi ak aparièy ki bay van frèt (tankou friz), oswa domi anba moustiké  
Domi anba moustiké si pa gen "riz" oswa "twil" nan fenèt ak pòt yo  
Vide/chavire/kouvrir/jete tout sa ki ka lenbe dio nan kay la oswa arebò kay la



PASE SOU KÓ YO BAGAY KI FÉ  
MARENGWEN KANPE LVEN JAN  
YO ESPLIKE I POU NOU FEL

DEET, picardin/irardin, IR3535, Lwil sitwon  
eklipis, 2-undecanone



FANM ANSENT DWE TOUJOU FÉ  
BAGAY AK KAPOT PANDAN  
TOUT MWASIANSENT LAN

Sévi ak kapot li nap fè bagay nan boutoun, nan  
dèyè ak nan bouch nou oswa pa fè bagay ditou  
pandan nou ansent la

#### MIS AK DOKTÈ AK TOUT PÉSONEL NAN SANT LA OSWA NAN KOMINOTE A KAP TRAVAY NAN ZAFÉ LASANTE

Yo dwe kié sou kié pou yo rapòte ka sisplèk Zika yo jan Ministre sante piblik mande pou fè sa e yo dwe

kommen kile e kijan pou yo fè tès pou Zika

Yo dwe ankourage tout fanm yo fè planin li yo fin alouche (sitou sou enpòtan pou manman yo kite

2 lane pase avan pou yo conbè ansent anko) e montre yo kijan pou yo chache laswayay si yo ta gen

kék siy maladi zika

Si nou vle piés enfomasyon, nou kapab ale sou sit entènet: sila: [www.paho.org/sept2017](http://www.paho.org/sept2017).

This awareness wheel is made possible by USAID and the  
Maternal and Child Survival Program and does not reflect the  
views of USAID or the United States Government.

<sup>1</sup> Reynolds MR, Jones AM, Petersen EE, et al. Vital Signs: Update on Zika Virus–Associated Birth Defects and Evaluation of All U.S. Infants with Congenital Zika Virus Exposure — U.S. Zika Pregnancy Registry, 2016 (Siy Vital yo: Mizajou sou Viris Zika a – Domaj Nesans Asosye yo ak Evalyasyon yo sou Tout Tibibe yo nan Peyi Etazini a ki Ekspoze Bay Viris Zika a – Rejis Gwosès Zika a nan Peyi Etazini a, 2016). MMWR Morb Mortal Wkly Rep 2017;66:366-373.

## Kijan pou Sèvi Avèk yon Tablo Gwosès pou Kalkile laj gwose la ak Dat Akouchman an

Yon tablo gwosès gen de (2) pati youn sou lòt




### Pou Kalkile laj gwoses la apati règ nòmal la:

- Lè yo pran enfòmasyon medikal pèsonèl kliyan an, yo cheche premye jou denye reg (LMP) nòmal la
- Gen anpil fanm ki pa konnen dat egzat la . Lè yo pran tan, pou ede fanm yo jwenn dat sa a, lè yo asosye li avèk yon ferye oswa yon evènman resan, sa kapab itil anpil. Si patnè fanm lan la avek li nan konsiltasyon an, pètèt li kapab ede fanm lan jwenn dat sa a.
- Vire pati anlè ki kapap tounen an pou flèch la ki make 'LMP' bay sou mwa ak jou LMP a nan yon kalandriye ki make nan pati amba ki paka vire a.
- Kounye a, kenbe pati ki ka vire a epi swiv jou yo avèk zye ou yo pou jwenn dat jodi a nan pati kip aka vire a.
- Chèche nimewo a kap montre dènye semèn konple a nan pati kap tounen an ak konte kantite jou an plis jiska s ke ou rive nan dat jodi a nan kalandriye a. Se sa a ki pral di ou laj gwoses la (GA) la an semèn ak jou yo.
- Flèch la ki make 40 semèn nan ap bay sou dat akouchman an ka fet (date of delivery, EDD) nan pati a ki paka vire a.
- Di kliyan an estimasyon an sou laj gwoses la jodi a, ak sou dat estimasyon jou akouchman an, pa blye reponn nenpòt kesyon li ka genyen.
- Ekri LMP, GA (laj jèstasyonèl), ak EDD yo nan dosye kliyan an.

## Yon egzanp:

Dènye règ nòmal kliyan an te kòmanse nan dat 27 mas.



Dokiman sa a posib poutèt sipò jenere pèp Ameriken atravè United States Agency for International Development (Ajans Peyi Etazini a pou Developman Enténasyonal, USAID) daprè tèm yo nan Akò Koperativ AID-OAA-A-14-00028 la. Se Pan American Health Organization (Organizasyon Sante Pan Ameriken, PAHO), World Health Organization (Lasante Organizasyon Mondyal, WHO) ak USAID ki te pran tout prekosyon rezonab posib yo pou verifye enfòmasyon an ki nan dokiman sa a. Sepandan, y ap distribye materyèl pibliye a san garanti nan nenpòt kalite, swa eksprime oswa enplisit. Si lektè a ki responsab pou entèpretasyon ak itilizasyon nan materyèl sa a. PAHO oswa WHO pa pral responsab nan okenn evènman pou domaj ki rezulta poutèt itilizasyon sa a. Kontni yo pa nesesèman reflechi opinyon PAHO, WHO, USAID, oswa Gouvènman Peyi Etazini a.

Yo dwe voye demann yo pou jwenn plis enfòmasyon sou dokiman sa a oswa pou pèmisyon pou repwodwi oswa tradwi biblikasyon sa a bay MCSP Communications (Kominikasyon MCSP), imèl: info@mcsprogram.org. Copyright © World Health Organization and Jhpiego Corporation, 2017. Tout dwa rezève.